



Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**KOMISYONÈ POU SANTE VIL NEW YORK DOKTÈ MARY BASSETT AK
KOMISYONÈ POU SANTE ETA NEW YORK DOKTÈ HOWARD ZUCKER BAY
DÈNYE ENFÒMASYON SOU EPIDEMI MALADI LEJYONÈ A**

Jodi a, Komisyonè Depatman Sante ak Ijèn Sante Mantal Vil New York Doktè Bassett ak Komisyonè Sante Eta New York Doktè Zucker te bay dènye enfòmasyon yo sou maladi Lejyonè a nan Bronx. Yo fè tout tès nan yon sèl laboratwa Eta New York ap jere, Wadsworth Laboratory ki chita nan Albany, konsa tout enfòmasyon yo menm epi kowòdone.

Rive jounen jodi a, yo teste 11 kote pozitif pou lejyonèl nan zòn ki frape a. Mete sou sa, yo te deja teste 4 kote pozitif pou lejyonèl andeyò zòn ki frape a ki pa gen pou wè ak epidemi nan South Bronx la.

Jodi a, twa lòt kote teste pozitif pou lejyonèl, sa ki se rezilta tès eta a te fè pandan wikenn lan andeyò zòn ki frape a eki pa pou otan gen pou wè ak epidemi nan South Bronx la.

Antou, rive jounen jodi yo idantifye 18 kote anndan ak andeyò zòn ki frape a.

San yo pa konsidere rezilta tès yo, yo mande pou chak tou refwadisman yo jwenn nan zòn ki frape a dezenfekte epi dekontamine, epi depi se kote yo teste pozitif yo mande prese prese pou yo dezenfekte ak dekontamine.

Anba la gen yon lis kote anndan zòn lan yo idantifye jiska jounen jodi a.

- **Concourse Plaza**, 198 E. 161st. St.
- **Opera House Hotel**, 436 E. 149 St.
- **Lincoln Hospital**, 234 E. 149th St.
- **Streamline Plastics**, 2950 Park Ave.
- **Daughters of Jacob Nursing Home**, 1160 Teller Ave.
- **Post Office**, 558 Grand Concourse
- **Verizon**, 117 E. 167th St.
- **Bronx Housing Courts**, 1118 Grand Concourse

- **NYC Department of Education** 455 Southern Boulevard. Also called Samuel Gompers High School.
- **DHS PATH Intake Center**, 151 East 151st Street.
- **Bronx Hall of Justice**, 245 E 161st Street

Yo jwenn kote annapre yo teste pozitif men yo twouve yo andeyò zòn ki frape a epi yo pa gen anyen pou wè ak epidemi an:

- **Verizon**, 1106 Hoe Ave.
- **Police Dept.**, 1086 Simpson St.
- **1201 Lafayette Ave.**
- **230 East 123rd St.**

Y ap fè konnen 3 kote yo idantifye jodi a andeyò zòn ki frape a nan yon ti bout tan.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418